

## Kanpilobakteryoz

### Kisa ki kanpilobakteryoz?

Kanpilobakteryoz se yon enfeksyon yon bakteri lakòz ki rele *Campylobacter*. Li afekte tib dijestif la (entesten) epi li lakòz dyare.

### Kilès ki trape kanpilobakteryoz?

Tout moun ka trape kanpilobakteryoz, byenke tibebe yo, timoun yo, ak moun ki gen sistèm iminitè ki afebli yo gen plis chans pou fè gwo maladi. *Campylobacter* se youn nan kòz maladi dyare ki pi komen Ozetazini.

### Kijan bakteri *Campylobacter* a pwopaje?

Yo jeneralman jwenn bakteri a nan entesten bèt ak zwazo yo, ki pote bakteri a san yo pa vin malad. Bakteri a ka enfekte moun ki bwè lèt ki pa pasterize (ki kri) oswa dlo ki kontamine, oswa ki manje vyann ak ògàn ki pa kwit ase, sitou vyann poul. Sèlman yon gout ji poul kri ka genyen ase bakteri pou lakòz maladi. Lòt atik manje yo ka kontamine, pa egzanp, nan kontak avèk planch pou dekoupe ki pa byen netwaye. Manipilasyon bèt ki enfekte, san yo pa byen lave men yo apresya, ka lakòz maladi tou.

### Ki sentòm kanpilobakteryoz yo?

Kanpilobakteryoz ka lakòz ti dyare jiska gwo dyare, souvan avèk tras san nan pou pou a. Pifò moun ka genyen lafyèv ak kranp nan lestoma tou, epi kèk moun ka genyen kè plen ak vomisman. Maladi a jeneralman dire apeprè yon semèn. Kèk moun ki enfekte ak *Campylobacter* yo pa genyen okenn sentòm. Pou moun ki gen sistèm iminitè ki afebli yo, bakteri a ka pwopaje pafwa nan sikilasyon san an epi lakòz yon enfeksyon mòtèl. Nan ka ki ra yo, enfeksyon *Campylobacter* a ka mennen efè alontèm, tankou atrit oswa yon kondisyon ki rele sendwòm Guillain-Barre, ki afekte nè yo nan kò a epi kòmanse plizyè semèn aprè maladi dyare a.

### Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo parèt?

Sentòm yo jeneralman parèt jiska senk jou aprè ekspozisyon an.

### Kijan yo dyagnostike kanpilobakteryoz?

Yo dyagnostike kanpilobakteryoz lè yon tès laboratwa detekte bakteri *Campylobacter* nan pou pou yo, nan tisi kò a, oswa nan likid.

## Ki tretman ki genyen pou kanpilobakteryoz?

Pifò moun ki fè yon enfeksyon *Campylobacter* pral retabli san tretman. Moun ki gen dyare yo ta dwe bwè anpil likid. Pafwa yo itilize antibyotik pou trete moun ki malad anpil yo oswa moun ki gen anpil risk pou fè gwo maladi yo. Doktè ou an pral deside sou si antibyotik yo nesèsè.

## Kijan yo ka prevni kanpilobakteryoz?

- Lave men ak savon ak dlo anvan ak aprè ou fin jere manje, aprè ou fin twalèt oswa chanje daypè, ak aprè ou fin manipile bèt yo.
- Toujou trete volay yo, bèf ak kochon tankou si yo te kontamine.
- Mete manje yo nan frijidè byen vit; evite konsève yo nan tanperati anbyan.
- Anvope vyann ki fre yo nan sachè plastik nan mache a pou anpeche ji yo degoute sou lòt manje yo.
- Dekonjele manje yo san danje, swa nan frijidè a oswa nan yon fou maykwowev nan "mòd dekonjelasyon." Lè ou dekonjele manje yo nan tanperati anbyen sa ankouraje devlopman bakteri ak risk pou maladi.
- Planch pou koupe, kontwa ak materyèl ki itilize pou prepare vyann kri yo dwe lave ak savon ak dlo touswit aprè ou fin itilize yo.
- Kwit manje yo konplètman. Ou dwe kwit tout volay yo pou atenn yon tanperati entèn minimòm 165° F. Ze ak tout manje ki genyen ze kri yo ta dwe kwit konplètman tou.
- Asire ke tout lèt oswa ji yo te pasterize epi dlo a te byen trete anvan ou bwè yo.

## Pandan konbyen tan yon moun ki enfekte ka pote ak transmèt bakteri *Campylobacter* a?

An jeneral, moun yo pral kontinye elimine bakteri a nan pou pou yo (matyè fekal) pandan kèk jou jiska plizyè semèn aprè yo fin enfekte ak *Campylobacter*. Sèten antibyotik kapab rakousi faz pòtè sa a.

## Èske yo ta dwe ekskli yon moun ki enfekte de travay oswa lekòl?

Moun ki gen dyare yo pa ta dwe travay kòm jesyonè manje, oswa bay swen pou timoun oswa pasyan yo. Timoun ki gen dyare yo pa ta dwe ale nan gadri oswa nan lekòl. Pifò moun ki enfekte yo kapab retounen nan travay oswa lekòl 24 èdtan aprè dyare a kanpe, depi yo pridan pou lave men yo avèk savon ak dlo aprè yo fin itilize twalèt la epi anvan yo prepare manje.

## Kijan m ka jwenn plis enfòmasyon sou kanpilobakteryoz?

- Si ou gen enkyetid sou kanpilobakteryoz, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele depatman sante lokal ou an. Yon anyè depatman sante lokal yo disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/LHD/index.htm>.

- Vizite sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan <https://www.cdc.gov/campylobacter/>.

Out 2018